



Akademisyèn Chantal Hirsch NOEL

Akademisyèn Chantal Hirsch NOEL fèt 13 septanm 1955, nan komin Pòtoprens, depatman Lwès, Ayiti. Li gen yon Doktora nan Odontoloji nan Inivèsite Leta Ayiti an 1979, li fè anpil lòt etid nan menm domèn nan aletranje. Li se Sekretè Komisyon Episcopale legliz Katolik pou Tradiksyon Labib an kreyòl. Li ekri plizyè istwa ak kont an kreyòl.

Angajman

- Edikasyon
- Relijyon
- Piblikasyon

Piblikasyon

- *Nòs la*, istwa pou timoun
- *An n fè yon bout wout ak Malis-san-kari*, liv sou bouch pou timoun aprann kijan pou yo bay bouch yo bon jan laswenyaj
- *Sonje*, Kont an kreyòl
- *Nouvo kontra* (travay kolektif). Bib Katolik nan lang kreyòl

Se Inivèsite Leta Ayiti ki te pwopozè kandidati Chantal Hirsch NOEL kòm Akademisyèn pou li te vin manm Akademi Kreyòl Ayisyen.